**दिन–शनिवार** **दिनांक–02.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ वाराणसी सँ पीएम किसान सम्मान निधि योजनाक बीसम किस्त के राशि जारी कयलनि। श्री मोदी नओ करोड़ सत्तरि लाख सँ बेसी किसान लोकनिक बैंक खाता मे बीस हजार पाँच सय करोड़ टाका सँ बेसी के राशि अंतरित कयलनि। बिहारक लगभग चौहत्तरि लाख किसान लोकनिक खाता मे योजनाक राशि पठाओल गेल अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री कहलनि जे केन्द्र सरकार कृषि क्षेत्रक विकास के लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे केन्द्र सरकार प्रधानमंत्री धन–धान्य कृषि योजना लागू कयलक अछि। एहि पर चौबीस हजार करोड़ टाका खर्च होयत। प्रधानमंत्री कहलनि जे हमरा लोकनि के स्वदेशी हेबाक संकल्प लेबाक चाही। एहि सँ जतऽ एक दिस किसान आ लघु उद्यमी लोकनिक सशक्तिकरण होयत। ओतहि, दोसर दिस रोजगारक नव अवसरि सेहो उपलब्ध होयत।

श्री मोदी कहलनि जे आइ वैश्विक अर्थव्यवस्था आशंका सँ भरल अछि आ अस्थिरता के वातावरण अछि। एहन मे भारत के अपन आर्थिक हित के लऽकऽ सजग रहऽ पड़त। एम्हर, पीएम किसान सम्मान निधि योजनाक किस्त जारी करबाक अवसर पर पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान सम्मिलित भेलाह। श्री चौहान कहलनि जे हुनक सरकार किसानक हितक रक्षाक लेल कोनो प्रकारक समझौता नहि करत किसान हित सर्वोपरी अछि।। श्री चौहान कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आह्वान पर बिहारक किसान लोकनि देश मे बनल वस्तु सभक उपयोग के संकल्प लेलनि अछि जे सराहनीय अछि।

एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि जे प्रदेशक कृषि विश्वविद्यालय, कृषि विज्ञान केन्द्र, किसान समृद्धि केन्द्र आ पैक्स सभ मे प्रधानमंत्री के कार्यक्रमक सीधा प्रसारण कयल गेल। जाहि मे वृहत संख्या मे किसान लोकनि भाग लेलनि।

---

मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक दोसर चरणक अंतर्गत मतदाता सूची मे सूधारक लेल दावा आपत्ति लेल जा रहल अछि। दावा आपत्तिक अंतिम तिथि एक सितम्बर धरि निर्धारित अछि। दावा आपत्ति के निष्पादनक लेल सभ प्रखंड सँ अंचल कार्यालय आ शहरी निकाय कार्यालय सभ मे विशेष कैंप लगाओल गेल अछि। ई कैंप एक सितम्बर धरि सप्ताह के सातों दिन पूर्वाह्न दस बजे सँ अपराह्न पाँच बजे धरि संचालित होयत। आयोग कहलक जे पात्र नागरिक जिनकार नाम कोनो कारण सँ प्रारूप निर्वाचक सूची मे सम्मिलित नहि भऽ सकल अछि ओ घोषणा पत्र आ आवश्यक दस्तावेजक संग दावा आपत्ति कऽ सकैत छथि। ओतहि, दिव्यांग आ बुजुर्ग मतदाता लोकनि सँ बीएलओ हुनक घर जाकऽ आवेदन प्राप्त करताह। पच्चीस सितम्बर धरि दावा आपत्ति सँ संबंधित विभिन्न आवेदन सभक जाँच होयत आ एकर निष्पादन कऽ लेल जायत। एकर बाद तीस सितम्बर के अंतिम मतदाता सूची प्रकाशित कयल जायत।

———————————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत हरेक विधानसभा क्षेत्र सँ बीस सँ तीस हजार मतदाता लोकनि के नाम काटि देल गेल अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे चुनाव आयोग एहि संबंध मे जे सूची उपलब्ध करौलक अछि ओहि मे मात्र मतदाता के नाम अछि। सूची मे मतदाता लोकनिक पता, बूथ नंबर आ भोटर पहचान पत्रक नंबर नहि देल गेल अछि। श्री यादव दावा कयलनि जे मतदाता सूची के प्रारूप सँ हुनक नाम सेहो हटा देल गेल अछि। एहि मध्य पटनाक जिलाधिकारी सह जिला निर्वाचन पदाधिकारी त्यागराजन एस.एम कहलनि जे श्री यादवक नाम नहि काटल गेल अछि। हुनक नाम पटनाक पशु विज्ञान विश्वविद्यालयक बूथ संख्या– दू सय चारि पर दर्ज अछि। ओ कहलनि जे एहि संबंध मे साक्ष्य स्वरूप मतदाता सूची के ओहि भाग के सेहो सार्वजनिक कयल गेल अछि जाहि मे श्री यादव के नाम दर्ज अछि। एम्हर, निर्वाचन आयोगक स्पष्टीकरण पर श्री यादव कहलनि आयोग जे साक्ष्य प्रस्तुत कयलक अछि आहि मे हुनक ईपीक नंबर बदलल अछि।

———————————————————————————

निर्वाचन आयोग मतदाता सूचीक पुनरीक्षण अभियान मे लागल कर्मी लोकनिक मानदेय मे वृद्धि कयलक अछि। आब बीएलओ के छओ हजार टाका के स्थान पर बारह हजार टाका आ बीएलओ पर्यवेक्षण के बारह हजार टाका के बदला अठारह हजार टाका मानदेय भेटत।

ओतहि, ईआरओ के तीस हजार टाका आ एईआरओ के पच्चीस हजार टाका वार्षिक मानदेय देल जायत।

—————————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक बेसीतर भाग मे लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। मुजफ्फरपुर, समस्तीपुर, वैशाली, दरभंगा, सीवान, सारण आ बेगूसराय जिला मे आइ भारी वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे अगिला तीन दिन धरि उत्तर बिहारक कतेको जिला मे अतिसय वर्षा हेबाक पूर्वानुमान अछि। अगिला चौबीस घंटाक मे सुपौल, मधुबनी आ दरभंगा जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा के रेड अलर्ट जारी कयल गेल अछि। संगहि, खगड़िया, मुंगेर, सीतामढी, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण, बेगूसराय, नवादा आ पटना सहित तेरह जिला मे भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

—————————————————————————————

बिहार संग्रहालय के स्थापना दिवस पर हरेक दू वर्षक अंतराल पर होबऽवला बिहार म्यूजियम बीएनाले सात अगस्त सँ शुरू होयत। बिहार संग्रहालय के महानिदेशक अंजनी कुमार सिंह जनौलनि अछि जे ई कार्यक्रम एकतीस दिसम्बर धरि चलत।

—————————————————————————————

समाप्त भेल